**दिन–रविवार** **दिनांक–28.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे कोनो देश अपन संस्कृति पर गौरवान्वित भऽ कऽ प्रगति कऽ सकैत अछि। आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे आई राष्ट्र के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे भारतक संस्कृति अद्वितीय अछि आ पूरा विश्व मे एकर सराहना कयल जायत अछि। प्रधानमंत्री असम के चराइदेव मैदान के यूनेस्को विश्व धरोहर स्थल मे सम्मिलित कयल जयबा पर प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे ई गौरवक बात अछि। ओ कहलनि जे एहि स्थल सभक सूची मे भारत तैंतालीसम स्थल होयत आ ई पूर्वोत्तर के पहिल सांस्कृतिक विश्व धरोहर स्थल होयत। श्री मोदी कहलनि जे सांस्कृतिक क्षेत्र मे विकासक लेल नव प्रयोग कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री हस्तकरघा उद्योगक चर्चा करैत कहलनि जे स्वयं सहायता समूह मे सम्मिलित महिला लोकनि एहि क्षेत्र मे विशेष काज कऽ रहल छथि। श्री मोदी हरियाण के रोहतक जिलाक दू सय पचास महिला लोकनि सरहाना कयलनि। जे ब्लॉक प्रिंटिंग आ रंगाई के प्रशिक्षण लेलनि आ आई हुनक बनाओल उत्पाद चादर, साड़ी, आ ओढ़नी के बाजार मे विशेष मांग अछि।

---

श्री मोदी कहलनि जे अगिला मासक सात तारीख के देश मे राष्ट्रीय हथकरघा दिवस मानाओल जायत। ओ देशवासी लोकनि सँ एहि अवसर पर हथकरघा उत्पाद सभ के प्रोत्साहित करबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे खादी–ग्रामोद्योग के कारोबार पहिल बेर ढ़ेड लाख करोड़ टाका सँ बेसी भऽ गेल अछि। जे चारि सय प्रतिशत के वृद्धि अछि। ओ ओहेन श्रोता लोकनि सँ आग्रह कयलनि जे खादी के कपड़ा नहि कीनैत छथि ओ एहि वर्ष सँ एकरा कीनब शुरू करथि। ओ कहलनि जे अगस्त मास मे खादी कीनबाक उत्तम समय अछि। प्रधानमंत्री श्रोता लोकनि सँ ओलंपिक खेलाड़ी सभक उत्साह बढ़ेबाक सेहो आग्रह कयलनि। एकर संगहि ओ इंटर नेशनल मैथेमेटिक्स ओलंपियार्ड मे भारतक विद्यार्थी लोकनिक शानदार प्रर्दशनक लेल हुनक प्रशंसा कयलनि। मादक पदार्थक समस्या के चुनौती के चर्चा करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे हरेक परिवार चिंतित अछि जे हुनक बच्चा मादक पदार्थ के व्यसन मे पड़ि सकैत अछि।

---

ओ जनौलनि जे सरकार मानस नामक एक विशेष पहल कयलक अछि जे नशीला दवाई सभक दुरूपयोग के विरूद्ध लड़ाई मे एक डेग अछि। मानस के हेल्पलाईस आ पोर्टल हालहि मे लॉच कयल गेल छल आ एक टोल फ्री नंबर– एक नओ तीन तीन सेहो जारी कयल गेल अछि। श्री मोदी कहलनि जे कोनहुँ व्यक्ति पुनर्वास सँ संबंधित आवश्यक सलाह अथवा जनतब प्राप्त करबाक लेल एहि नंबर पर कॉल कऽ सकैत छथि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विश्व भरि मे काल्हि मानाओल जायबला अंतर्राष्ट्रीय बाघ दिवस के सेहो चर्चा कयलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे बाघ भारतीय संस्कृति के अभिन्न अंग रहल अछि। ओ एहि बात पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि जे वृहत संख्या मे लोक सभ एक पेड़ माँ के नाम अभियान सँ जुड़ि रहल छथि। ओ लोक सभ सँ आह्वान कयलनि जे ओ अपन माँ के नाम पर गाछ लेगेबाक एहि अभियान सँ जुड़थि आ सेल्फी लऽकऽ सोशल मीडिया पर पोस्ट करथि। प्रधानमंत्री श्रोता लोकनि सँ स्वतंत्रता दिवस के अवसर पर हर घर तिरंगा अभियान मे भाग लेबाक लेल सेहो कहलनि।

---

प्रदेश मे कतेको सार्वजनिक स्थान सभ पर कार्यक्रम आयोजित कऽ लोकसभ मन की बात कार्यक्रम के सुनलनि। भाजपा के प्रदेश मुख्यालय पटना मे एहि अवसर पर पार्टीक संगठन महामंत्री भीखूभाई दलसानिया आ बिहार–झारखंड के क्षेत्रीय संगठन मंत्री नागेन्द्रनाथ उपस्थित छलाह।

---

पेरिस ओलंपिक मे भारत के पहिल पदक मनु भाकर दियौलनि अछि। आई दस मीटर एयर पीस्टल इवेंट मे मनु दू सय एकैस दशमलव सात अंक के संग कांस्य पदक अपन नाम कयलनि। मनु निशानेबाजी मे भारत के पदक दियाबऽवाली पहिल महिला खेलाड़ी छथि। निशानेबाजी मे भारत बाईस साल बाद पदक जितलक अछि।

---

पुलिस महानिदेशक आर एस भट्टी आई कहलनि जे बिहार पुलिस शीघ्रहिँ पूरा राज्यक लेल एकीकृत व्हाटसअप नंबर शुरू करल जा रहल अछि। एहि सँ लोक सभ के अपन शिकायत दर्ज करेबा मे सुविधा होयत। पटना के ज्ञान भवन मे तीन नव आपराधिक कानून पर आयोजित कार्यशाल के दोसर दिन श्री भट्टी कहलनि जे एहि व्यवस्था के लागू

भऽ गेला सँ बिहार देशक पहिल राज्य होयत। ओ कहलनि जे पुलिसक प्रति विश्वास बनौने राखबाक लेल कतेको काज कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान केन्द्रीय बजट दू हजार चौबीस–पचीस मे बिहार के विशेष वित्तय मददि देल जयबाक सराहना कयलनि अछि। आई पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे एहि लेल बिहारक जनता प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के धन्यवाद करैत छथि।

———————————————————————

केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय कहलनि अछि जे बजट मे बिहार के स्पेशल पैकेज भेटला सँ राज्यक विकासक गति आओर तेज होयत। पटना मे संवादाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री राय कहलनि जे बजट के प्रावधान सँ नौजवान लोकनि के रोजगारक बेसी अवसर प्राप्त होयत।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून के कमजोर भेला सँ वर्षा मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि ज तीस जुलाई सँ राज्य मे वर्षा आधारित गतिविधि मे तेजी अयबाक संभावना अछि। एहि कारण तीस आ एकतीस जुलाई के नीक वर्षा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।